


# KUGADZIRA NZIRA

 Manheru akanaka, shamwari. Uye dai Ishe vakuropafadzai zvikuru. Zvakare ndinokutendai, Hama Neville, nekutaura kwakanaka ikoko. Ndinofara zvikuru kudzoka patabhenakeri manheru ano, mukushumira Ishe wedu akaropafadzwa, uye nekuona shamwari dzedu dzekunze, manheru ano, kuzoMunamata pamwe nesu.

<sup>2</sup> Zvirokwazvo iropafadzo guru kusangana zvakare kudivi rino reKuuya kwaShe. Uye mushure mekunge taona, tanzwa, vazhinji vachienda, zvisina kutarisirwa, nekukurumidza, tinongokahadzika, nguva nenguva, ndiani ari kutevera. Asi, tiine chivimbo ichi chakaropafadzwa, chekuti kana... “hapana chinogona kutiparadzanisa nerudo rwaMwari rwuri muna Kristu. Hakuna rufu, kana—kana chinhu chiripo, kana chichazouya, kana masimba api zvawo, chinogona kutiparadzanisa nerudo rwaMwari rwuri muna Kristu Jesu.” Uye tichiziva izvi, kuti, “Mushure mekunge tabhenakeri iyi yepasi pano yaparadzwa, tine imwe yakatotimirira.” Isina chakaibata, inongombeya; uye tinozorora patariro iyoyo yakaropafadzwa inobwinya kwazvo.

<sup>3</sup> Ndakanga ndichitaura nemudzimai wangu, naMai Wood nevamwe, apo... ndichangodzoka. Ndakanga ndichiti, “Zvino, zvinoita sekuti rwungori rwendo mushure merwendo, uye nzvimbo mushure menzvimbo, asi, zvakadaro, zvinongowedzera kubwinya. Uye ini... ndichiziva kuti tave kusvika kumagumo, pe—pe—pedyosa neKuuya kwaShe.” Ndikati, “Zvakanaka...”

<sup>4</sup> Ndichitaura nemukomana wangu, tichidzika nemugwagwa rimwe zuva, tichibva kuSioux Falls, South Dakota. Ndakabva ndati, “Iwe unoziva, kumba inzvimbo inoshamisa zvikuru.” Takanga tichiuya tichidzoka kumba. Ndikati, “Tinoda nyika ino. Uno ndiwo musha wedu. Tinogona kusafunga kuti ndizvo, asi ndizvo. Isu takaberekerwa musha uno. Uno, Mwari vakatiisa pano. Takanga tisina nzira yekuzviunza tega pano. Kana baba namai vedu vakanga vasina nzira yacho. Izvozvovo zvaitofanira kunge zviri mumaoko aMwari. Vanhu vazhinji vakaroorana, havana kumbobvira vave nemwana. Asi, Mwari vakaona kuti taigona kuuya panyika pano.

<sup>5</sup> Zvino kana tauya, tinotanga kukura nekuwumbika mumutumbi, nemaatomu nezviyedza, nezvimwe zvakadaro, paunotanga kutora kubva muvhu. Zvino mushure mekunge tave pane rimwe zera, zvinomira kuchikura. Tinoramba tichizviwedzera patiri, asi zviri kungoenda. Rufu rwapinda.

<sup>6</sup> “Uye zvino kana tabhenakeri yepasi pano yaparadzwa, tine imwe ikoko yakatimirira.” Maona? Tinopinda mune

iyoyo, tichazivana mumwe nemumwe. Hatigone kugwinhana chishanu; hatina pfungwa dzemanzwiro iwayo. Hatikwanise. . . Handaigona kukwazisa ruoko rwako, ndoti, “Makadini, hama,” nekuti ini—ini. . . unenge uchisina ruoko rwemhando yakadaro. Asi, zvakadaro, hatisi mumutumbi wenyama sezvatiri zvino, tiri mumu—mutumbi wekudenga. Zvino kana uyu. . .

<sup>7</sup> Uye ndanga ndichifunga, kuti zasi kuEgipita, kuti apo Josefa akasiya chirangaridzo, kuvana vaIsraeri, mapfupa ake, kuti rimwe zuva vaizobuda. Zvino pavaibuda, vaizatora mapfupa ake pamwe nawo, kuenda kumusoro kunyika yechipikirwa. Uye muHebheru wose aida kudzokera kunyika yake, zvisinei kuti aibatwa zvakanaka sei, asi chishuvo chake chaive chekudzokera kumusha kwake. Uye pose pavaipfuura nepo vachiona mapfupa iwayo, vaiziva kuti rimwe zuva vaizodzokera kumusha kwavo.

<sup>8</sup> Tichiri pano, takamirira kuyambuka tichibva munzvimbo ino, tinoona guva risina chinhu mhiri uko kuJerusarema, ngatizivei kuti pane chakaitika. Zvino kana tazatora uyo wakabwinyiswa. . . kwete wakabwinyiswa, asi mutumbi wekudenga, uye tiri kufamba—famba munyika dzeKubwinya pamwe naKristu, tichitarisana, tichitaurirana; tinogona kutaura. Mweya iri pasi peartari, ichichema, “Kusvika riinhi?” Uye zvino chii chichava chirangaridzo ipapo, kuti tiri kudzoka panyika zvakare kuzodya nekunwa pamwe nekurara? Ipapo Achange aripo, agere ipapo paChigaro cheushe, ari mumutumbi wenyama. Amen.

<sup>9</sup> Rimwe zuva Achasimuka, ari mumutumbi wenyama uyu. Uye paAchadzoka, mitumbi iyi yekudenga ichatora kubwinya. Ipapo tichava saYe, uye tichararama nokusingaperi mumutumbi iwoyo. Zvakadini. . . Ko—ko chimweze chingaita basa rei? Maona? Zvakatogadziriswa kare. Zvingori bedzi. . . Ingodzika hoko yako ipapo. Uye worega ichi. . .

Tariro dzangu hadzina kuvakirwa pane  
chimwe chinhu chisiri  
Ropa raJesu pamwe nekururama;  
Kana zvose zvakapoterredza mweya wangu  
zvakundika,  
Ndiye ipapo tariro yangu yese pamwe  
nembambo yangu.

<sup>10</sup> Kristu ndiYe akaita kuti zvikwanisike; kwete chechi yangu, kana kuti kwete sangano rangu, kwete shamwari dzangu, asi Kristu.

Dzimwe nzvimbo dzose ijecha rinonyudza,  
dzimwe nzvimbo dzose.

<sup>11</sup> Ndokusaka Eddie Perronet. . . Vaifunga kuti anopenga. Uye zuva iroro, agere imomo senhapwa kuvanhu, Mweya Mutsvene wakasvika zvino ndokutora chinyoreso ndokutanga kunyora rwiyo rwuya rwunoshamisa urwo rwuchaimbwa pashumiro

yemhemberero yekugadzwa kwaMambo wemadzimambo: *Rumbidzai Mose Simba reZita raJesu.*

<sup>12</sup> Mashoko akaisvonaka kwazvo kubva kumusoro kuchamhembe. Takava newevashumiri, kwete wevashumiri, asi kudya kwemangwanani neveChristian Business Men uko... kumusoro uko kuMinneapolis, uye kudya kwemangwanani kukurusa kwatati tambova nako kwevanamuzvinabhizimisi. Zviuru zviviri zvakauya.

<sup>13</sup> Uye Ishe vakatipa Mharidzo. Zvino mangwanani iwayo, mukudanira kuartari, vanamuzvinabhizimisi makumi mashanu vakauya kuna Kristu uye vakazvarwa patsva, mangwanani iwayo mushumiro. Oo, zvakangofadza moyo wangu, muzvinabhizimisi achiuya! Shumiro dzinoshamisa, kwese-kwese. Ishe ngavarumbidzwe, uye mbiri yose ngaive kwaVari!

<sup>14</sup> Uye zvino ndine kachinyorwa kadiki pano, kari kuti, “Ndichange ndiri muIndianapolis riinhi?” Musi waChikumi 11 kusvika 15, ndichange ndiri paCadle Tabhenakeri kuIndianapolis, Indiana, Chikumi 11 kusvika 15, munogara vanhu zviuru gumi nechimwe.

<sup>15</sup> Kuswera mangwana acho, tichasimuka kuenda kuShreveport, Louisiana, uye tonovako kusvikira kupera kwevhiki kuShreveport, Louisiana.

<sup>16</sup> Uye tozobva kuShreveport tichienda kuHouston, Texas, uye tichavako kwemazuva maviri, anova Muvhuro neChipiri.

<sup>17</sup> Zvino musu wa16 tinotanga muMexico yekare, Mexico City, Mexico yekare. VaArganbright vachangobva mukundifonera. Uye vakakwanisa kuwana nhandare huru yenzombe ikoko, inokwana vanhu zviuru makumi matanhatu. Uye pane mazana mana emakereke ari kushanda pamwe chete, akatonyoresa. Tiri kutarisira zviuru zana pamusangano wacho.

<sup>18</sup> Uye inguva yekutanga iyi...Tine zvekurumbidza Mwari nazvo. Kekutanga munhorondo yeMexico, apo hurumende yakambogamuchira muProtestanti kuti apinde uye nekutipa nzvimbo yokuuya mairi. Kekutanga munhorondo yeMexico, mu—muProtestanti paati ambogamuchirwa. Uye General Valdivia uya, ndiye Mukuru wemauto eMexico, achangoberekwa patsva uye akagamuchira Mweya Mutsvene. Uye neruremekedzo rwake kuna gavhuna weMexico, vanotipa kodzero dzehurumende kuti tipinde tiine kuchengetedzwa nemauto. Uye kuti isu tiri. . .

<sup>19</sup> Ndine nhandare huru yenzombe. Ndicho chinhu chikurusa chirimo muMexico yose. Inogara zviuru makumi matanhatu, vakatenderera sezvivi, tisingaverengeri nzvi—nzvimbo yavanorwira, munoziva, imomo. Uye takaiwana kwehusiku gumi hwakatevedzana zvino, pasina kana chingazombomisa,

kusvika kwekupedzesera kwehusiku gumi chaihwo. Ingei muchindinamatirawo.

<sup>20</sup> Ndinongonzwa ma...kunuzwa kutinhira kwemvura zhinji zasi uko. Ndinongo...Vanhu vekuMexico vatendi vanyoro, vakazvininipisa. Uye kungogutsikana kamwe chete...Ivo maKatorike. Uye vakangogutsikana chete kuti Chokwadi ichokwadi, zvinobva zvatopedza nyaya yacho zvachose.

<sup>21</sup> Zvino, tichichimbidza kudzoka kubva kuMexico yekare, tinodzoka kuno zvingada kuita musi wa 30.

<sup>22</sup> Zvino musi wa1, ndiwo mangwanani eEsta, patabhenakeri pano, kuitira shumiro yekubuda kwezuya. Uye neshumiro yekupodzwa kwevarwere, ichitevera. Uye neshumiro yerubhabhatidzo usiku ihwohwo, patabhenakeri. Uye unogona kuudza shamwari dzako, zvino, kuti vaunze vose varwere vavo nevanotambudzwa, pashumiro yepaEsta. Shumiro yekubuda kwezuya kuseni-seni kwemangwanani iwayo. Zvadarwo, mushure mayo, kusvika na ten o'clock, nguva dza nine-thirty nguva yeSunday school yemazuva ese. Imi mose muchafanoirongera, Sunday school. Uye neshu—shumiro yekupodzwa ichizotevera iyoyo, re-...shumiro yenguva dzose yekupodzwa seyatinova nayo mumbuserere.

<sup>23</sup> Uye saka, zvino, Guta reMexico richava apo kekutanga chiratidzo chitsva ichi, chandakaudzwa naIshe, chichange chichishanda panguva iyoyo. Saka tichachiedza zvakare, Ishe vachida, ipo pano, mangwanani eSvondo yeEsta, tichishandisa makamuri maviri aya,...?...pano, munoono. Saka tiri kutarisira nguva yakanaka kwazvo pano, mangwanani eEsta.

<sup>24</sup> Uye neumbowo hwekuti Ishe Jesu vakamuka kubva kuvakafa, Vapenyu. Hongu, changamire. Uye Vanga vari vapenyu kubva paEsta yekutanga chaiyo. Uye vari pano pamwe nesu kunyange zvino. Uye ndiri kungovimba kuti Ishe vachatipa kudururwa kukuru kwemaropafadzo aVo mangwanani iwayo.

<sup>25</sup> Zvino tozoenda ku...tichibva, pano zvino, tichaenda kuChicago, kuitira musi wa 11, musi wa 3 kusvika 11. Uye tinosimuka neMuvhuro, totangira ipapo neChipiri, zvino totanga kusvika...Kwete, ndeya 3 kusvika pana 8. Uye ipapo musi wa11 tinotanga muCharlotte...Kwete, Columbia, North Carolina. Uye zvakare kuSpindale, North Carolina. Zvino zvadarwo, kubva ikoko, tinoenda kuCharlotte, South Carolina. Uyezve Anchorage, Alaska, tobva ipapo; kusvika kumusoro muAnchorage, Alaska. Zvadarwo, tozodzoka. Uye ndisina chandakanangana nacho, asi, zvichida, pamwe panguva iyoyo, tende rinenge ragadzirira kuva munzira. Oo, ndichango...

<sup>26</sup> Munoziva here zvandinoda kuita? Munganamata pamwe neni here nezvazvo? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Tarisai, ndinoda, nguva isati yarebesa, kana Ishe vachida, kuisa tende iri muno muFall City, ndogarapo mumusanganano wemavhiki

mana kana matanhatu; ndogara ndiri ipapo chaipo kusvikira hondo yapera. Uye imi ingei muchinamatira izvozvo zvino. Uye ndinoda kuriisa pano pakati peJeffersonville neNew Albany pane imwe nzvimbo, uye ndoisa panogara vanhu mariri vangangosvika zviuru zvinomwe kana zvisere. Uye tinokwanisa kuwedzera zvimwezve nekufamba kwemazuva, uye togara ipapo chaipo kusvika zvagadzirisika. Amenii.

<sup>27</sup> Uyezve, zvino, ndinofunga musi wa 11 kusvika 15 Chikumi, paCadle Tabernacle kuIndianapolis. Uye zvakare, musi wa17, ndinotenda, kusvika musi wa21 Chikumi, kunenge kuri kuMinneapolis, munhandare yenhavvu kunze ikoko, munogara zviuru makumi maviri nezvinomwe. Ndiyo konivhenisheni yepasi rose yeveChristian Business Men, ndichitaura, uye nokunamatira vanorwara manheru ega-ega.

<sup>28</sup> Uye zvino namatirai izvi, itai kudaro, uye munamate nesimba. Ndi—ndinongonzwa kuti hatichina nguva yakawanda zvino. Uye ndinofanozvitaure; Handisi kuti ava ndiShe vari kutaura izvi zvino. Ndi—ndiri kufanotaura kuti gore rino America ichagamuchira Kristu kana kuti icharamba Kristu. Maona? Ndinotenda kuti iyi ndiyo ichave nguva yeshanduko, iyo America ichapinda mairi. Tichava nerumutsiriro muzuva rino, kana kuti hatizove nerumutsiriro. Uye ndinotenda kuti rino ndiro gore iro America ichaita sarudzo yayo. Uye ndinovimba kuti vachabudirira uye tichava nerumutsiriro rukuru rwuchapararira kwese. Tine kuparidzirwa kwakawanda, nekuvhangera kwakawanda, asi tinoda rumutsiriro (hatirwudi here?), rumutsiriro chairwo. Ndirwo rwatiri kuda. Ishe vakuropafadzei.

<sup>29</sup> Ndinofara kuona Hama Graham apo, uye—uye ndi—ndinotenda Hama Smith vagere pamberi pavo chaipo, Hama Smith vanobva kuchurch of God. Uye—uye pane vashumiri vakati wandei mumo, ndine chokwadi. Zvino tinokugamuchirai mose, hama, mumwe nemumwe, nevayeni vari pakati pedu, neungano yose. Tinongokudai.

<sup>30</sup> Uye zvino nezviziviso izvi apo ndinenge ndisipo, uye nekucherechedza kuti manheru ano, manheru echirairo kuitira shumiro yechirairo. Uye namatirai nesimba Hama yedu inodikanwa Neville vanobata nzvimbo pano patabhenakeri, vachiita basa guru; uye nokuvatsvene vose kwose-kwose. Oo, inguva ine basa kwazvo! Inguva ine basa kwazvo! Ndinozvinzwa kubva zasi kuAfrica, uye pane kudana kweAfrica.

<sup>31</sup> Uye Hama Arganbright vanga vachindiudza parunhare, nguva yapfuura, kuti mambo we—wedzimwe nyika dziya dziri zasi uko, ndangokanganwa chete kuti ndekupi, ndinotenda kumusoro kuno kuSweden, Switzerland. Ndichaiwana munguva pfupi. Denmark, yaka—yakanyora tsamba yakatsaurwa kuita kuti mwaka uno tiuye ikoko panguva ino.

MuAfrica neIndia, nzvimbo dzakawanda dzakasiyana-siyana!

<sup>32</sup> Apowo, yeZvitsuwa zvekuHawaii yakapindawo musi uno. Kanenge katove kagumi kakatevedzana kavakadaidzira rumutsiriro. VeChristian Business Men vanoda kuendako kunze ikoko vongobhururuka napamusoro payo, voita hurongwa, voronga musangano ndovaparidzira mangwanani iwayo, uye ipapo potanga rumutsiriro muHawaii.

<sup>33</sup> Zvino, pasi rose ndiro rava chechi yedu, munoona, pasi rose. Uye isu tiri varanda vaKe.

<sup>34</sup> Saka isu ngatingorangarirai, shamwari, kuti huno hunogona kuva husiku hwekupedzisira, rino rinogona kuva gore rokupedzisira, kana kuti pamwe ndicho chizvarwa chekupedzisira. Maona? Hatizive. Asi, zvisinei, tinoziva izvi sechokwadi chiripo, kuti vapenyu vanoziva kuti vanofanira kufa. “Zvakatemerwa kamwe chete kumunhu kuti afe, uye shure kwaizvozvo Kutongwa.” Uye kana paine ari pano manheru ano, asati agadzirira kusangana nazvo, uye asina tariro yakaropafadzwa iyi, dai uhu hwava husiku hwauchasarudza Ishe Jesu, kamwe zvachose, noKusingaperi.

Zvino ngatinamatei.

<sup>35</sup> Baba yedu veKudenga, tinoda kuKutendai kubva pakadzika pemoyo yedu, tichiziva kuti takamirira pano, tisiri kunetseka zvachose; zvisinei kuti vanogadzira mabhomba emaatomu mangani, uye vangani vevashandi vehurumende vavangaise kunze uko kuti vatarise ndege, nyika iri kuhuta-huta nekudedera. Takazorora patariro iyi yakaropafadzwa yatinayo. Tiri kuvimba nebasa raMwari rakapedzwa paKarivhari, kuburikidza naKristu. Tichiziva izvi, kuti kana tabhenakeri iyi yepasi isisipo, tine imwe yakatotimirira mhiri; inobwinya zvakawedzerwa, nekure-kure, uko kusina marwadzo kana kutambudzika, hurwere. Hakuna kuchembera kuchaibata, hakuzombova nebvudzi jena, hakuzombova nekuunyana, asi tichange tiri vechidiki ikoko nekusingaperi.

<sup>36</sup> Bhaibheri rakaropafadzwa, risingagoni kutaura chimwe chinhu kunze kwechokwadi, rakatipa chvimbo chakaropafadzwa ichi. Uye Mweya Mutsvene, zvakare, chapupu, chinopupurira zvimwe chetezvo. Moyo yedu inoshuvira izvozvo. Uye tinoziva kuti Bhaibheri rinotiudza kudaro, rinova Shoko raMwari, mbeu dzinofanira kudyarwa paivhu rakaworera iri kuti tizorore mutariro iyi.

<sup>37</sup> Mwari, ndinonamata kuti Mubate munhu wose manheru ano, ari kunze kwaKristu. Uye muvaswedede mukufamba uku kwepedyo, kunoshamisa. Podzai vanorwara vagere pano manheru ano, Ishe. Pasina kupokana, pakati peava vanhu vazhinji, panofanirwa kuva nehurwere pakati pedu. Uye tinonamata kuti Mugopodza munhu wese.

<sup>38</sup> Zvino huyai kuShoko, Baba. Torai Shoko rinova tambo yehupenyu. Mavambo, Ishe, ebudiriro yese yehungwaru. Tinonamata kuti Mweya Mutsvene utore Shoko rimwe nerimwe woRipa kumoyo zvingori maringe nezvatinoda. Dai tawadzana paShoko. Nekuti tinozvikumbara nemuZita raJesu. Amen.

<sup>39</sup> Kuitira kuverenga kushoma kweMagwaro, manheru ano, kungoitira mu—musoro wechidzidzo mudiki, kuedza kutsvaga chirevo chechidzidzo, uye timhanye nokukurumidza muShoko, kuti tigova nechirairo. Mangwana zvauri Muvhuro, ndinoziva kuti hatidi kufunga pazvinhu izvozvo, zvekudzokera kubasa, asi tinofanira kutarisana nazvo. Uye nguva zhinji, munoziva . . . Asi, mushure mezvose, izvi zvakakosha kupfuura mabasa nezvimwe zvese. Maona? Nekuti, basa rako richasvika pakupera, rimwe zuva, uye iwe uchaperawo pamwe naro. Asi kana uine Hupenyu Husingaperi, haufe wakava nemagumo. Ndehwa Ziyendanakuenda; hunoramba huchirarama, nokusingaperi. Fungai nezvazvo. Hupenyu husingaperi, hauna magumo. Kana nguva yakareba zvingaverengeki yapfuura, iwe uchange uchiripo. Kana mamiriyoni emakore paachapfuura, tichange tichiripo. Saka, kwemazuva mashoma tiri pano pasi, mabasa hapana zvakanyanya zvaanozombova. Kungotibatsira tichienda mberi, kutenga zvokudya zvedu zvishoma, nezvimwe zvakadaro, todaya, zviri izvo zvatnofanirwa kuva nazvo.

<sup>40</sup> Zvino muna VaKorinde Vekutanga chitsauko 10, kutanga nendima 12.

*Naizvozvo regai uyo anofunga kuti akamira achenjere zvichida angawa.*

*Hakuna muyedzo wakakubatai imi asi seuyo . . . unouya kuvanhu vose: asi Mwari akatendeka, haasi . . . uyo—uyo anoda kuti imi . . . asingatenderi kuti muzoyedzwa kupfuura pamunogona nayo; asi . . . nemuedzo wese zvakare achakupai nzira yokupunyuka nayo, kuti tive nekukwanisa kuzvitakura.*

<sup>41</sup> Indima yakanaka zvakadii! Dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo piri. *Kugadzira Nzira*, ndizvo izvo zvandingada kutaura nezvazvo, manheru ano. Munoziva . . . Dai Vawedzera maropafadzo aVo kuShoko raVo, patiri kuteerera kuShoko zvino.

<sup>42</sup> Mafungiro angu, kuti kana Shoko, rinova iro mavambo, ndiro rinova chinhu chinonyatsobata. Nguva zhinji mushumiro dzangu dzekupodzwa kwevarwere, ndi—ndinoedza, kunyangwe mushure mokunge vadzidzisi vatopfuura nemazviri zvese, ndinoedza kudzokazve uye—uye ndотора Shoko ndoisa nheyo.

<sup>43</sup> Husiku hushoma hwapfuura, ndakawana katsamba kadiki kekutsoropodza, chinova chinhu chakanaka. Mumwe murume akandiudza, akati, “Hama Branham, muchingori mukomana mudiki, nazvino.” Akati, “Ndaiparidza Vhangeri

musati maberekwa.” Uye akati, “Ini...Makore angu ose makumi mana nematanhatu, asi zvakadaro...” Iye—iye akanga ari mudzidzisi wechimwe chikoro cheBhaibheri. Akati, “Asi munhu, uyo wemhando yenyu, anodzidzisa vanhu, asi achizotaura mashoko sezvamakaita pane humwe husiku.” Akati, “Ndinofunga kuti hazvina musoro.” Akati, “Makataura kuti dhiyabhore haana simba rekupodza.” Akati, “Ngatiti, ko kana ndikakuudzai kuti dhiyabhore ane simba rekupodza.” Akati, “Zvino maizondibvunza, kana dai manga makamira pano, kuti ndinozviziva sei.” Akati, “Regai ndikuudzei.” Akati, “Mudhorobha medu muno, mune mukadzi anogaramo ane mwe—mweya wakaipa. Uye iye...Vanhu vanouya kwaari kuti vapodzwe.” Ndokuti, “Anodzura bvudzi kubva mumusoro wavo, uye anopomba ropa kubva mutsinga dzavo, oriputira mubvudzi iri. Ofamba achidzika kurwizi, okandira chinhu ichi nepamusoro pebendekeke rake, uye orega kucheuka. Kana akacheuka,” akati, “ipapo chirwere chinoramba chiri pamunhu. Asi anofanira kukandira murwizi, sekunge kwaiva kukanganwirwa, obva afamba achienda.” Uye akati, “Zvikamu makumi matanhatu kubva muzana zvevanhu, vatinoverenga, vanopodzwa.” Akati, “Zvino, kana dhiyabhore asingagoni kupodza, ko munotii naizvozvo?”

<sup>44</sup> Zvino, ndakamupindura. Ndikati, “Hama yangu ine mutsa, inodikanwa, neruremekedzo rwese kumakore enyu,” munoono, “ruremekedzo rwese kumakore enyu ekudzidzisa, asi ndichakuudzai zvino kuti Jesu Kristu akati dhiyabhore haana simba rekupodza. Uye kana Jesu akazvitaure, izvozvo zvakatoringana, neni. Akati, ‘Kana Satani achidzinga Satani, saka humambo hwake hwakapamuka uye hune magumo. Uye haagoni kudzinga Satani.’ Zvadaro munozondibvunza, ‘Ko sei vanhu ava vakapodzwa?’ Chokwadi, haasi munhu wacho. Muroyi wacho aive asinei nechekuita nazvo, sezvandisineiwo nechekuita nazvo, kana chero mumwe munhu. Vanhu vari kusvika kwaari, vachifunga kuti vari kuuya nenzira yakapiwa naMwari yekupodzwa kwavo. Kutenda kwavo pachavo muna Mwari, ndiko kunopodzwa. Maona? Ndiwo mauyiyo avanofunga. Haasi muroyi uyu, sekusangowawo kwekunge ari munhu wacho.” Ehe.

<sup>45</sup> Saka, naizvozvo, Vhangeri rinogona bedzi kufamba, kana kuti rinogona bedzi kusvika paya panodzidziswa Shoko raMwari. Uye vanhu vanoisa tariro yavo paShoko raMwari reKusingaperi. “Kutenda kunouya nekunzwa, kunzwa neShoko.”

<sup>46</sup> Chiremba Adair, muno muguta, shamwari yangu yandinoda, akati kwandiri rimwe zuva, akati, “Billy, haufunge here kuti dai vanhu vaive nekutenda kwekubata muti kunze uko, vaizowana zvibereko zvimwe chete?”



47 Ndikati, “Ko ungava nekutenda muna izvozvo sei? Kana uchigona kuva nekutenda kwakaenzana nekwakadaro, tenda . . . uchitenda kuti inzira yakapihwa naMwari, kuti ubate muti, uye zvichizoshanda, ipapo vanogona kuzviita. Asi ndiani ane kutenda mumuti?”

48 Ndine kutenda mune zvakataurwa naMwari, uye ndinongotora izvozvo. Saka kutenda hakuna kuvakirwa pamusoro pejecha rinofamba-famba re—remanyawi ekunzwisisa kwepfungwa. Asi kutenda kwakavakirwa pachiyero, Shoko raMwari Risingagumi, Dombo remazera. Ipapo ndipo apo kutenda kunotora nzvimbo yakwo yekuzorora kwakadzama uye hakuzungunuke, kana kwavakirwa ipapo.

49 Zvino, kugadzira nzira. Handitendi kuti Mwari Vanongoita basa ravo madirativhange. Ini—ini handingaite rangu saizvozvo, iwe haungaitewo rako. Jesu haana kufa paKarivhari kuti angoti, “Zvakanaka, zvino pamwe vanhu vachazondinzwirawo tsitsi, nenyaya yekuti Ndauya, ndichienda panyika kuti nditore chimiro chenyama. Uye vachanyatsoponeswa, pamwe, kana vakaonawo kufa kwaNdinenge ndaita zvinosiririsa.” Mwari havana kuita izvozvo. Jesu akafira chinangwa chimwe chete, uye chaive chokuponesa avo vakafanozivikanwa naMwari kuti vaizoponeswa. Ndizvozvo chaizvo. Mwari vaiziva kuti paizova nomumwe munhu achaponeswa, uye paifanira kuva negadziriro, kana kuti nzira yakagadzirwa yekuti vaponeswe. Dai pakanga pasina, kuponeswa kwaisagoneka.

50 Saka, Mwari, vachifanoziva kuti vanhu vaizoponeswa, vachiziva kuti vaiva vanaani, Vakatozoisa zano racho pasi. Zvino ungatei kwandiri, “Hama Branham, zvino Mwari vanonyatsoziva kuti ndiani achaponeswa?” Ndizvozvo chaizvo. “Zvino, ko sei Richiti, ‘Havadi kuti chero ani zvake aparare?’” Havadi. Havadi kuti chero ani zvake aparare, asi kuti vose vasvike pakutendeuka.

51 Asi, kuti vave Mwari, Vanofanira kuziva kuti ndiyani achaita izvozvo, kana kuti Vakanga vasiri Mwari. Nokuti, Ndivo—Ndivo vane masimba ose. Vari pose-pose. Vanoziva zvinhu zvose. Vanoziva zvinhu zvose. Vari panzvimbo dzose, uye vane masimba ose. Saka, kufanoziva kunotarisa kumashure uye kunoti Vakafanoona izvi, uye vakaziva, ndicho chikonzero Vakakwanisa kutaura kuti magumo aive akaita sei, kubva kumavambo.

52 Uye, nokudaro, tichiziva kuti mazuva ose aya anoshamisa atiri kurarama maari zvino, uye nokumira tichipupura, nokuona zvinhu zvatiri kuona zvino, Mwari vakanga vatoita gadziriro yazvo.

53 Humwe husiku, ndakashamisika kwazvo. Mumwe mudzimai mudiki akauya papuratifomu. Nzvimbo huru iya inokosha zviuru mazana matatu zvemadhora uko, uye aive akapenda

zvishoma kumeso kwake. Akamira ipapo akatanga kudedera. Ndikati, “Uri muLutherani,” kubudikidza neMweya Mutsvene.

Akati, “Hongu, changamire.”

<sup>54</sup> Ini ndikati, “Wauya pano kuzonamatirwa. Uye chikonzero chauri kufamba nenzira yauri kuita, mabvi ose ari maviri akatyoka.” Ndikati, “Izvozo zvakakongerwa netsaona yemotokari, uye motokari yawaityaira, makore mana apfuura.”

Akati, “Ichocho ichokwadi.”

<sup>55</sup> Ndikati, “Chiremba wako muchinda mudiki, mupfupi, ane mhanza uye anopfeka magirazi.”

Akati, “Ndizvozo chaizvo.”

<sup>56</sup> Ini ndikati, “Ari kukurapa nekuda kwemuma—mabvi, bvupa racho rava nerurindi, uye kunyange nenyama yakakomberedza bvupa yave kutoora.”

Akati, “Ndizvozo.”

Zvino iye ndokuti, “Pangave netariro kwandiri here?”

<sup>57</sup> Ndikati, “Zvinoenderana nemasvikiro ako kuna Ishe Jesu.” Ndikati . . .

Akati, “Munogona kundibatsirawo here?”

<sup>58</sup> Ndikati, “Kwete, amai. Hapana anogona kukubatsirai iko zvino. Asi munofanira kuzvibatsira imi pachenyu kumaropafadzo akapiwa naMwari kwamuri.”

Iye ndokuti, “Ndava zvino kutenda nemoyo wangu wese.”

<sup>59</sup> Ndikati, “Ishe vakupodzai, hanzvadzi. IZVANZI NAJEHOVHA. Mapodzwa.”

<sup>60</sup> Akati, “VaBranham, handina kumbobvira ndakakwanisa kupfugama,” akati, “kwemakore mana.” Achichema, akamira ipapo, achikwizanisa maoko ake. Uye unganu huru yevanhu vachichema, vakamutarisa; maLutherani, maPresbyteriani. Ini ndikati, “Madii maenda zasi kuartari monopfugama?”

<sup>61</sup> Iye ndokuti, “Regai ndipfugame ipo pano chaipo, ipo pachu pandapodzwa.” Haana kumbosuduruka kubva paanga akamira, asi akaziva kuti akanga apora. Pane chakaitika. Maona? Akazviziva. Pakanga pasina zvekufungidzira pazviri.

Ndikati, “Pfugamai pasi.”

<sup>62</sup> Zvino kekutanga mumakore mana, nemabvi ose maviri akatyoka uye pese paine zvikofi, zvakaumbika, zvikabatana nemapfupa; mudzimai uyu, semudzimai wechidiki, akapfugama nemabvi ake misodzi ichiyerera kubva pamatama ake, akasimudza maoko ake kuna Mwari. Zvino, akangosimuka kubva ipapo, zviri nyore, semusikana mudiki, ndokufamba achibva papuratifomu. Chaiva chii ichi? Mwari vakatozogadzira nzira yayzvozo.

63 Zvino, Vakatumira vanachiremba, ndizvozvo. Uye vanachiremba vakanaka, uye vakanga vaita zvose zvavaigona kuita. Asi Mwari vakanga vagadzira nzira. Ndizvozvo. Maona? Mushure mekunge chiremba akundikana, munzira yake, nzira yaMwari yakakwirira zvikuru kupfuura nzira yedu. Chinhu chinoshamisa zvakadini!

64 Zvino, kufunga, manheru ano, kuti iwe neni...Hatizo, hatidi kufunga izvi, asi isu takarerwa tiine hunhu hwenyika, toti, senguruve. Uye, manheru ano, tave vatsvene. Pane chimwe chinhu chakatozoitwa. Zvino, takanga tisingagoni kuenda Kudenga, senguruve. Tinofanirwa kupinda Kudenga, sevatsvene, saka imwe gadziriro yakatozoitwa nokuda kwazvo.

65 Uye Mwari vakazviratidza zvakanakisa kwazvo muTestamende Yekare. Kumashure muBhuku raNumeri, chingangove chitsauko 20, uye neuko muna Eksodho neche pana 36, 32, uye tinozviona kuti neZuva reYananiso... Mwari, mumifananidzo, vachifanoratidza zvaVaizoita, mune aifananidzirwa, paanouya, uyo aiva Kristu.

66 Muprista mukuru akarairwa kuti atore mbudzi mbiri, mbudzi duku, odzitora kuti dzive yananis, chipiriso, uye nenzombe yeimba yake pachake. Uye vazhinji venyu imi vaverengi pano, nevanonzvera Bhaibheri, munonyatsoziva kuti yananis dzaininge dzakaita sei. Asi zvino, mbudzi imwe chete... Paifanira kuva nemujenya waikandwa. Uye mujenya waiwira pambudzi imwe chete, yofa, uye ropa rembudzi iyi raiiswa pamusoro peimwe mbudzi yacho, nemaoko omuprista mukuru, achireurura zvivi zvavanhu, pamusoro pembudzi mhenyu. Zvino munhu ainge akakodzera, aitakura mbudzi mhenyu pasi peruoko rwake, zvino obva aenda kure murenje uko mbudzi kwayaifanirwa kuzoparira zvino yoenda kunzvimbo iri yoga, iri kure-kure. Hazvichazokwanisiki zvachose, mumamiriro iwayo, kuti idzokere kumhuri yekwayo zvekare, asi kuti igare iri yoga nokusingaperi, yakatakura zvivi zvavanhu kure.

67 Zvino, ndinoziva vadzidzi vakawanda, zvichida, vagere pano. Uye kunyanya maSavadha, vano—vanoti, “Imwe mbudzi yaiva Kristu, uye imwe yacho yaiva dhiyabhore.” Zvino, hama, ndinofanira kusiyana zvishoma pane izvozvo. Hatigoni kupirisa kuna dhiyabhore. Mbudzi dziri mbiri dzaimiririra Kristu. Dziri mbiri dzaiva Kristu. Kristu ndiye wedu... Akajuja ropa nokuda kwezvivi zvedu uye Akazvitakura iye pachaKe, kure. Dhiyabhore haakwanise kutakura zvivi zvangu. Kristu ndiye mutakuri wezvivi zvedu. Nyatsopabatai apa, ipapo kutenda kwako hakuzotsukunyuki. Kristu ndiye mutakuri wezvivi zvedu, uye nezvivi zvenyika.

68 Kristu ndiye mhuka yaifa pamuchinjikwa, teererai, “Gwayana rakabayiwa kubva pakuvambwa kwenyika.” Uye

mifananidzo bedzi, taiwana migove, tichiziva kuti wacho ari kufananidzirwa achauya rimwe zuva.

<sup>69</sup> Sei akabaiwa kubva pakuvambwa kwenyika? Nokuti, Mwari vakazviona mupfungwa dzaVo, kuti zvinhu zvacho zvaizova zvakadii, uye kuti chechi yaizova yakadii, uye kuti zvinhu zvose zvaizova zvakadii, zvino Vakataura Shoko. Uye kana Mwari vataura Shoko, zvatova sezvaitwa, pakare ipapo, saka Akaurayiwa kubva pakuvambwa kwenyika. Mazviona here?

<sup>70</sup> Kana wasvika pazviri zvino, worega kutenda kwako kuzorore kwakadzikama; kwete pamunhu, kwete padzidziso dzebhaibheri dzevanhu, kwete pamasangano emachechi, sekunaka kwaakangoita ikoko, sekunaka kwakangoita munhu. Rega kutenda kwako kuzorore kwega mumabasa aKristu akapera paKarivhari, kuitira zvose zvivi pamwe neruponeso. Mazviona here?

<sup>71</sup> Cherechedzai, Kristu akauya, uye Akanga ari mhuka yaifa, nokuti akanga kare (mumufananidzo) atourayiwa nyika isati yavambwa. Mazviona here? Mwari vakazvitaure uye vakati zvichava saizvozvo. Saka, kana Mwari vataura, zvinosimbiswa nekusingaperi kuDenga. Shoko, iro . . .

<sup>72</sup> Ndipo paunofanira kuva nekutenda. Kana uchitenda kuti iri iShoko raMwari roKusingaperi, risingashanduke, zvino chirevo chose chakataurwa muShoko raMwari iMbeu. Uye chose icho Mwari vakataura nezvacho, muShoko, chakatosimbiswa muKubwinya. Uye chakapiwa kwauri kuti uwane chekuita nezvacho. Saka usatya kutora chero chikamu cheShoko raMwari reKusingaperi, rakaropafadzwa, woRirovera hoko mumoyo mako. Zvino, Rinofanira kunge riri muvhu.

<sup>73</sup> Zvino, semuenzaniso, ndikatora tsanga yechibage ndikaidyara mumatombo-tombo ebhuruu kana zvimwe zvakadaro, inogona kusakura, nokuti imhando yevhu isiriyo. Asi kana ikapinda muivhu rakanaka, rakaorera dema repamusoro, inokura zvechokwadi painongoiswamo. Uye kana Shoko . . .

<sup>74</sup> Hezvinoika zvino! Kana Shoko raMwari rawira mumwoyo zere nekutenda, Rinotogofanira kukura. Rinotofanira kubata. Ndicho chikonzero mudzimai uya akamira ipapo, nemabvi ose akazara calcium saizvozvo, kubva pane zvakaendapo, uye nekutyoka kwemabvi, paakatswanyika, uye nemapfupa akaora nerurindi, uye nya . . . nenyamawo zvekare. Haana kutya kupfugama pamabvi ake. Nemhaka yei? Shoko rakanga rawira mukutenda. Rinobukira! Mazvibata here?

<sup>75</sup> Mwari, nyika isati yavambwa, vakataura kuti Kristu achazenge ari pano. Uye Aizouraya, kufa, asina mhosva kuitira vane mhosva. Uye Mwari pavakazvitaure, zvakanga zvatosisimbiswa Mwari pavakazvitaure.

<sup>76</sup> Zvino, risati rava shoko, rinofanira kunge riri pfungwa, nekuti shoko ipfungwa yaratidzwa. Uye kana . . . Mwari,

mupfungwa dzaVo, vakaona zvinhu izvi, ipapo zvakanga zviri mupfungwa dzaVo. Zvino, Vakazvitauro, ipapo zvinenge zvatopera kana Mwari vazvitauro, nokuti haVakundikane uye havana chimwezve chavanogona kuita.

<sup>77</sup> Zvadaro, maonero aMwari. Kana Mwari vakamboponesa vatadzi kumashure uko, pahwaro hwekugamuchira chipiriso chinopiswa, chibairo chakapihwa, Vanofanira kuita zvimwe chetezvo nhasi, kana kuti Vakaita zvisirizvo paVakagamuchira munhu wekutanga naizvozvo. Kana Mwari vakambopodza vanorwara kumashure uko pahwaro hweropa remhuka rakadeurwa, pahwaro hweyananiso, Vanofanirwa kuita zvimwe chete nhasi, kana kuti Vakakanganisa paVakapodza munhu wekutanga. Maona? Havagoni kushanduka.

<sup>78</sup> Tinokura. Tinoyaruka. Tinowana zvinhu zviri nani. Tinotaura nezvezvinhu zviri nani. Tinopfeka zvipeko zviri nani, kutyaira motokari iri nani. Tiri kuwedzera kubudirira.

<sup>79</sup> Asi Mwari haVakwanise kuwedzera nenzira iyoyo, nekuti Vakanga vakakwana kubva pakutanga. Uye chakakwana hachigoni kuwedzera zvakare; chakatokwana kare. Amen. Saka havasungirwe kuti, “Zvino, iri rave zera rakasiyana, tava nepfungwa iri nani zvino.” Kana zviri izvo, haVagone kunge vari Mwari. Saka, kana Vari Mwari, zvaVakatauro kumashure uko, Vanofanirwa kugara nazvo, nokuti Vakanga vakakwana ipapo uye vakakwana iko zvino. Maona? Mazviona here? Zvino, haVakwanisi kuwedzera kubudirira. Havakwanise... Zvino, ndinoreva kuti, haVakwanise kuita kuti zvinhu zvigove nani. Kuita izvi zvishoma... toti, “Izvi zvingava zviri nani zvishoma.”

Unoti, “Zvakadini negwayana rekare, neGwayana iri?”

<sup>80</sup> Waiva mufananidzo, wakaRimirira, uye iVo vakati ndizvo. Vakatauro nezveGwayana rakabayiwa kubva pakuvambwa kwenyika, pakutanga. “Ndichaisa ruvengo pane Mbeu yake mudzimai nembeu yenyoka.” Zvino ipapo kuzomirira kuzara kwenguva kuchisvika, Mwari vakapa rudzikinuro rwechivi, kuburikidza neropa rakadeurwa regwayana, richinongedza.

<sup>81</sup> Vakapa chinhu chimwe chete kubudikidza nemwedzi, usiku, chokuva zuva panguva yemasikati. Mwedzi uchiva uri mumvuri zvezuva, kana kuti zuva richipenya pamwedzi, richiita mumvuri. Mwedzi nezuva murume nemudzimai. Uye zuva parinenge raenda, rinokandira chiedza charo pamwedzi, kutipa chiedza chiduku kusvikira zuva rauya. Uye kana zuva rauya, mwedzi unonyangadika.

<sup>82</sup> Uye Kristu ndiye Zuva Rakaenda muKubwinya, uye achivenekera paChechi, nemhando imwe chete yeChiedza chaAipenya nacho paAiva pano. Zvino Chechi ndicho Chiedza chenyika kusvikira Jesu auya uye zvose zvinonyungudika pamwe chete. Kufanana nechiedza chemwedzi nechiedza chezuva zvinova chiedza chimwe chete, pazvinobuda pamwe chete. Zvino

kana Kristu neChechi yaKe vauya pamwe chete, paMireniyamu huru, vanouya kuva chinhu chimwe.

<sup>83</sup> Uye nhasi, “Imi muri Chiedza cheniyika.” Kunge iYe Aripo...Achinge Asipo, waro, Ari kukupa Chiedza chekuvheneka nacho, paAnenge ari pano. Zvinhu zvese zvekare, zvinhu zvese zvepanyika, zvinofananidzira zveKudenga.

<sup>84</sup> Kunyangwe kumabuwebuwe, nemadzvinyu, nenyoka, nezvimwe zvakadaro, zvingori mhando dzemweya yakaipa, pakuratidzika kwazvo. Sei kenza yakanzi kenza? Nekuti ine chimiro chegakanje. Uye shoko rekuti *kenza* rinoreva kuti “gakanje.”

<sup>85</sup> Zvino, munoona, zvinhu zvese izvozvo zvitori mifananidzo nemimvuri. Naizvozvo, mbudzi yekurasirira yakaendeswa kure murenje, munzvimbo iri yoga, yakaparadzaniswa nehama dzayo dzainogara nadzo, yakatakura zvivi zvevanhu pamusoro wayo, yaiva mufananidzo waKristu achipatsanurwa kubva kuna Mwari, uye achibva muHupo hwaVo, zvino ndokutakura zvivi zvedu kugehena. Uye ipapo Mwari haana kuMutendera... Dhavhidhi akati, “Handizotenderi Mutsvene waNgu kuti aone kuora. Kana neNi handizosiya mweya waKe mugehena.” Uye pazuva rechitatu, akamuka zvakare kuitira kururamiswa kwedu. Asi akafananidzira mbudzi, mbudzi yekurasirira, uyewo nembudzi yechipiriso chezvivi. Mwari vachiita gadziriro, uye nenzira yakapiwa!

<sup>86</sup> Mwari vanogara vachigadzira nzira yekupukunyuka nayo, nguva dzese. Hurwere hunokumanika pakona. Satani anokudzvanyira pasi pane imwe nzvimbo mushure mekunge wava Mukristu.

<sup>87</sup> Pamwe wanga uri mutambi wenjuga. Mazviona here? Makadhi ari patafura. “Huya titambe kani, John, tinoziva kuti zviri mauri izvi.” Satani aripo kuti akuyedze. Asi Mwari, mungu—munguva dzose, vanogadzira nzira yekupukunyuka nayo kana iwe ukangoigamuchira chete.

<sup>88</sup> Pamwe wanga uri chi—chidhakwa, uye girazi riri pasi pemhuno yako. “Zvino, huya tinwe kani, John.” Zvino, kana iwe uchida kuteerera kuizwi iroro, iwe unobva waenda wakananga mukunoumburuka kwako mumatope zvekare.

<sup>89</sup> Asi Mwari vanogara varipo. Tendeutsira pfungwa dzako Kudenga, uye utarise wakananga kuKarivhari, uye uti, “Mweya Mutsvene wakaropafadzwa, huyai kwandiri. Ndiri mukushaiwa.” Tarisa uone zvichaitika. Mwari vachagadzira nzira yekupukunyuka nayo, nguva dzese, nekuti Vachazviita. Mwari vagara vachizviita.

<sup>90</sup> Uye zvino cherechedzai. Nyika isati yaparadzwa, varume pavakanga vari muzvivi, uye vanhu vaive vazere nezvivi munyika, Mwari vakagadzira nzira yokupukunyuka nayo kune avo vakada kupukunyuka nayo. Mwari vakaita kuti areka

ivakwe, igadzirirwe. Noa akavaka areka kuitira . . . kugadzirira areka iyi kuitira gadziro yenzira. Teerera. Kubva ku . . . kuitira nzira yekupukunyuka nayo, yaka . . . Hasha nekutonga kwaMwari zvakanga zvichiungana kumatenga, kuti zvigodirwa pamusoro perudzi rwuzere nezvivi nepamusoro pevanhu vazere nezvivi, vakairamba, vane mitsipa mikukutu, vakafamba vachipesana nemirairo yaMwari. Nguva dzose hasha idzi dzainge dziri kuungana mumatenga, kuti dzidururwe pamusoro pavanhu, mukutongwa, Mwari vane ngoni vakagadzira nzira yekupukunyuka nayo kune avo vanoda kufamba mairi. Nzira yekupukunyuka nayo!

<sup>91</sup> Iye zvino tasvika panzvimbo zvakare apo kutongwa kuri kuungana. Uye kana zvakadaro pazuva iroro, munguva yekuparadzwa nemvura zhinji, ko zvakawedzerwa zvakadii nhasi, apo kuguma kwenhorondo yenguva, apo kuguma kwenhorondo yemarudzi, uye zvosvika panhongonya! Kutsamwa kwaMwari kwawedzera zvakadii pamusoro pemamiriyoni avanhu, kuri kuungana pamwe chete, kusvikira chivi chatekeshera munyika, kusvikira yava kuzunguzika sechidhakwa chiri kudzedzereka chichienda kumba na four o'clock. Chatokwira kupfuura mwedzi nenyeredzi, kusvika chasvika pa—panguwo dzaJehovha weHondo.

<sup>92</sup> Ipapo, iri kudzedzereka pasi pemutoro wedzidziso yayo yakagadzirwa nevanhu, yekuzvichengetedzera kwayo, dzidziso dzayo dzebhaiheri. “Vakatora Mirairo yaMwari vakaiita kuti ishaye basa, kubudikidza nokudzidzisa tsika dzavo dzevanhu. Vachida kurumbidzwa nevanhu kudarika kurumbidzwa naMwari.” Vadzidzisi vedu vakanga vava kudziya, uye vachiisa pakungova nhengo yechechi, uye vachiti, “Zvakanaka, chero bedzi uri wechechi. Ingokanganwa nezvazvo.”

<sup>93</sup> Asi, hama, Mwari vakagadzira nzira yekupukunyuka nayo. Uye uchafanira kusvika pane zvinodiwa naMwari, uye zviri kuburikidza naKristu Jesu Ishe wedu. Hakuna imwe nheyo inoteyiwa asi iyo yakatoteyiwa kare, kwete, hakuna imwe. Kuvakira pamusoro peimwe nheyo, kwakafanana namashanga nevhu, mafashamu achaikukura, uye kuwa kwacho kuchava kukuru. Asi Jesu akati, “Pamusoro pedombo iri, Ndichavakira Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangaIkunde.” Chii chaAkaIvakira pamusoro pachu? PaChokwadi chakazarurwa pamweya chekuti ndiYe Mwanakomana waMwari.

“Ko vanhu vanoti iNi Mwanakomana wemunhu ndini aniko?”

<sup>94</sup> “Vamwe vanoti ‘Eria,’ uye vamwe vanoti ‘Mosesi,’ uye vamwe vanoti ‘Johane Mubhabhatidzi,’ nevamwe vakadaro.”

“Asi imi munoti ndiNi ani?”

<sup>95</sup> Pasina kuzeza, pasina kutora yepiri . . . Teerera, mutadzi. Ndiyo nzira yaunochigamuchira nayo. Akanga ainaYe;

aiziva zvaAiva. Zvino asati atombofunga kechipiri, Mweya Mutsvene wakabva wamubata, uye ndokuti, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.”

<sup>96</sup> Akati, “Iwe, wakaropafadzwa iwe Simoni, Simoni Barjona, nokuti nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri. Hauna kumbodzidza izvi kubva kudzidzo yemumwe munhu yebhaibheri. Hauna kumbobva kuseminari uinazvo. Asi Baba vaNgu Vari Kudenga vazvizarura kwauri. Pamusoro pedombo iri, Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangaIkunde.”

<sup>97</sup> Mafashamu anogona kuuya, uye maatomiki angadonha, nezvese, asi uyo akachengeteka muna Kristu achatasva padutu remaatomu, zvimwe chete sezvakaita naNoa dutu remafashamo, akachengeteka ari muareka. Rega kutenda kwako kudonhere zasi mazviri, kamwe chete, ugoona zvinoitika; padombo raMwari rakasimba, pamifananidzo. Mwari vanogadzira nzira yekupukunyuka nayo, nguva dzese. Vanofanira kugadzira nzira yokupukunyuka nayo. Kana nguva yacho yakakosha yasvika, Mwari ndiMwari . . .

<sup>98</sup> Jehovha-jire! *Jehovha-jire* zvinoreva kuti, “Ishe Vachazvipa pachavo chibayiro,” nekuti Ishe Vachazvigadzirira pachaVo nzira yekupukunyuka nayo. Mwari vanogona kuipa nekuti iVo Musiki. Uye Mwari, kamwe zvachose, paKarivhari! Ameni! Ipapo, apo Ngirozi huru dzeKudenga, apo nyika dzose dzemadhimoni dzakadendera, nyika payakaita kubvunda kwekutya ikazungunutsa guva, uye zuva parakagwinha-gwinha rikaremba seri ikoko ndokushanduka kuita dema, apo mwedzi nenyeredzi zvakazununguka zvichibva panzvimbo dzazvo, vakadzikinurwa vemazera ose, uye nemumazera achauya, vachacherechedza nguva iyoyo.

<sup>99</sup> Pakafa Mwanakomana waMwari ipapo, akatorera Satani simba rose. Kunyange rufu, negehena, guva, nekutya kwese, zvakamedzwa ipapo paKarivhari. PaAkabhadhara muripo mukurusa uye pakazofa Gwayana, uye zvivi zvikaiswa paAri, Akanga ari mutakuri wezvivi, akazviendesa kugehena kunova ndiko kwazvinobva. Uye Mwari vakaMumutsa nezuva retatu. Uye nekutenda izvozvo, tinoruramiswa nekutenda, pahwaro hweRopa rakadeurwa raIshe Jesu Kristu. Ameni. Mwari vachigadzira nzira yekupukunyuka nayo.

<sup>100</sup> Oo, hama, sezvamunoona ma...munonzwa amburenzi ichirira, pese pamunonzwa imwe yadzo, chiratidzo chekuti uri kuenda nenzira iyoyo. Pese paunopfuura mepamakuva, chiratidzo. Uri kuenda nenzira iyoyo. Pese panoonekwa kuunyana kumwe kumeso, uye nebvudzi jena rimwe mumusoro, chiratidzo. Uri kuenda nenzira iyoyo.

<sup>101</sup> Ndiko kusaka, zvino, Pauro aigona kutaura, netariro iyoyo yemazvirokwazvo yakadzika midzi uye yakadzikama



yaive maari, sezvizvi. Ini zvangu! Paakasvika pakupera kwenzira, akabva ati, “Ndarwa kurwa kwakanaka. Ndapedza rwendo rwangu. Ndakachengeta kutenda. Kubva zvino, ndakachengeterwa korona yokururama, Ishe Mutongi wakarurama achandipa pazuva iroro, kwete ini ndoga, asi vose vanoda kuonekwa kwaKe.”

<sup>102</sup> Paunenge uchirwara uye waneta nehupenyu huno hwekare, uye uchada kuonekwa kwaIshe Jesu zviru nani kupfuura kuda kwaunoita chikafu chako patafura, kana mudzimai wako, kana vana vako, zvino ipapo pane korona yawakachengeterwa. Kwete korona, korona yegoridhe yekuisa pamusoro wako. Asi mutumbi, usina marwadzo, iwo...wakapfekedzwa korona muKubwinya kwaMwari, wakapfekedzwa korona mukusafa kwaJesu Kristu. Ndizvo zvawakachengeterwa, zvauchapiwa naIshe, Mutongi akarurama yaachakupa nezuva iroro. Ndiro zuva ratinotaririra. Mwari vakagadzirira mumwe nomumwe wedu nzira yokupukunyuka nayo. Zvirokwazvo Vakazviita.

<sup>103</sup> Apo Dhanieri muprofiti, mwana waMwari, akakandwa mugomba reshumba. Paive nenguva iyo Dhanieri, paainge akatendeka, akasimudza mahwindo ake uye asingatyi zvakataurwa namambo. Uye paka...akanyengetera, zvisinei nechiziviso kuruzhinji chakanga chaitwa, Dhanieri akanamata zvakangodaro, achinge akatarisa kuJerusarema achinamata. Kana vanhu vakatarisa kuJerusarema vakanyengetera, iro guta uko chibayiro chinopiswa kwachakaitirwa...Ndicho chikonzero Dhanieri akatarisa nzira iyoyo akanamata, nokuti Ishe vakanga vatotaura kuti, “Vanhu vakange vari mudambudziko chero nguva, uye vakatarisa kunzvimbo ino tsvene, vakanamata, zvino inzwai...Ndichanzwa kubva kuDenga,” Soromoni paakakumikidza temberi.

<sup>104</sup> Ndicho chikonzero Jona aive nekutenda paakaita izvozvo, paakanga aine masora emugungwa akamonera muhuro make, uye akamira mumarutsi, mudumbu rehove, ari pasi-pasi pakadzika penyanza, ari pagungwa raive nedutu. Akati, “Zvinhu zvenhema zvisina maturo. Asi kamwe chetezve ndichatarira kutemberi yeNyu tsvene, Mwari.” Mwari vakaita chimwe chinhu. Vakagadzirira Jona nzira yekupukunyuka nayo. ZvaVakaita, hapana anoziva. Ichakavanzika chaMwari pachavo.

<sup>105</sup> Asi, zvisinei nekuti zvakanga zvisingagoneke sei, Mwari vanogona—vanogona kushandura mamiriro ezvinhu. Vanogona kuita kuti zvisingagoneki zvive zvinokwanisika. Uye kwete kuti zvingokwanisika chete, asi vanogona kuita kuti zvive mazvirokwazvo, kana vanhu vachinge vatora Mwari paShoko raVo uye vogamuchira nzira yakapiwa iyo Mwari vakapa kumunhu.

<sup>106</sup> Mwari vakaita chimwe chinhu. Vanogona kunge akaisa tende reoxygen zasi ikoko. Handizive chaVakaita mudumbu

rehove iyi, asi Vakachengeta Jona imomo kwemazuva matatu neusiku, semufananidzo, kuti Kristu aizorara asina oxygen, mudumbu renyika, uye nezuva retatu Achizobudamo zvekare. Waiva mufananidzo. Vakagadzira nzira yekupukunyuka nayo. Vachagara vachidaro.

<sup>107</sup> Dhanieri paakamirapo, uye shumba dzichiuya, dzichimhanyira kwaari, makanga musina kana kutya mumoyo wemutana mutsvene yu. Asi akamira ipapo, uye Mwari vakanga vasati vapedza naye. Zvino shumba dzisati dzamubata, Ngirozi yakazvitambanudzira pamberi padzo, pasina kupokana asi chaive Chiedza chimwe chete chinopfuta chakaonekwa naSauro weTarso, panzira achienda kuDhamasiko.

<sup>108</sup> Chiedza chikuru chakapenya. Uye vakatarisa, zvino vakasaziva chakange chichitora nzvimbo. Zvino Sauro akawa kubva pabhiza rake. Zvino Inzwi rikabuda kubva muChiedza, richiti, “Sauro, Sauro, unoNditambudzireiko?”

Akati, “Ndianiko, Ishe?”

Akati, “Ndini, Jesu, wauri kutambudza.”

<sup>109</sup> Vakanga vari vana vechiHebheru vakanga vakatendeka kuvimbiso yaMwari, vakanga vari zasi imomo muvira remoto. . . kana kuti muBhabhironi, waro, vachienda kuvira remoto. Nhanho imwe chete pakati pavo nerufu.

<sup>110</sup> Zvingave izvozvo zvakanyanyodii kuvanhu vari pano manheru ano. Panogona kunge paine zuva rimwe chete pakati pako nekuparadzana neKusingaperi. Iwe uchaita sarudzo yako iko zvino. Nzira yakapiwa iwe kare kana ukaibvuma. “Nhanho imwe chete,” akadaro Jonatani kuna Dhavhidhi, pavaipfura u—u—uta, “nhanho imwe chete pakati pangu nerufu.”

<sup>111</sup> Uye nhanho imwe chete pakati pavo nerufu. Asi panguva iyoyo yakaoma, Mwari vakapa nzira yekupukunyuka nayo, uye Vakatumira muvira remoto iroro Ishe Jesu Kristu, uye ndokuchengeta moto kubva pavari.

<sup>112</sup> Akanga ari Enoki, uyo akataura kuti akafamba naMwari kwemakore mazana mashanu uye akava nehuchapupu hwekuti iye “akafadza Mwari.” Aiva nekutenda kwekuti iye “aisazoono rufu.” Mwari vaizozviita sei? Pakanga pasina kana ndege yejeti mumazuva iwayo, kuti imusimudze achibva patsoka dzake. Asi Mwari vakapa nzira, shanduko, yakatora Enoki kubva panyika ichimuisa muKubwinya, asina kuwana rufu.

<sup>113</sup> Akanga ari Eria akayambuka nyanza. . . kana kuti Rwizi rweJorodhani zuva iroro, nokurwupamura kubva kune rumwe rutivi kuenda kune rumwe. Zvino Eria paakanga agadzirira kuenda kuDenga, asina kufa, ndiMwari vakamugadzirira nzira. Kwete ndege yejeti, asi Vakatumira ngoro yeMoto, yaifambiswa nemabhiza eMoto. Mwari vakapa nzira, munguva iyoyo, nzira yekupukunyuka nayo kubva kurufu.

114 Akanga ari Mosesi, ndinotenda, akatevera vana veIsraeri . . . kana kuti akavatungamirira, vachitevera Chiedza, Shongwe yeMoto, nemurenje. Mosesi ndiye akatsungirira kusvika kumagumo. Akanga ari Mosesi, pamakore zana nemakumi maviri, mushure memakore makumi masere okushumira Mwari, akamira pagomo akatarisa kunyika yechipikirwa, aine misodzi ichiyerera nepamatama ake, emutana, ane makore zana nemakumi maviri okuberekwa. Akanga adarika nemunzvimbo dzine minzwa. Akanga apinda nemumvura dzakadzika. Akanga aravira mukombe unovava, mukombe wenduru nekusuwa. Akanga agara nevanhu vasingateereri, semufundisi wavo. Akavatungamirira kubva panzvimbo nenzvimbo, akatsungirira navo pakugununa kwavo. Ndokuzvikandira pachake pamukaha, ndokuti, “Mwari, torai ini musati Matora ava.”

115 Akanga ari Mosesi akamirapo, semutana, achiziva kuti panzira dzose akanga ari mufananidzo waKristu, achiziva nemamwe maitiro, neimwe nzira, Mwari zvirokwasvo vaizomutora, nekuti Vakatozomuunza kumusoro zvakare, semufananidzo waKristu. Akazvarwa ari muporofita, saKristu. Uye kwete muporofita chete, asi mutungamiriri, nezvimwe zvakadaro. Akavigwa mutsanga, saKristu akaendeswa kuEgipita. Akanga ari mupi womurawo, sezvaiva Kristu paGomo reMiorivhi, aigara achibva kuSinai. Nenzira yose, akanga ari mufananidzo waKristu.

116 Zvino paakange akwegura, uye rufu rwakamutarisa pachiso, ko aizombounza sei rumuko? Asi pakangosvika nguva yakakosha iyi, Mwari vakapa nzira. Mweya wakati uchibuda maari, uye achiva nemagwiriri ekutandadza pahuro pake, akatarisa, pakanga paine parutivi rwake, zvino ipapo paive pakamira Dombo riya. Mwari vakapa Dombo. Dombo rakanga riri Kristu Jesu akanga ari murenje. Mosesi akatsungirira kusvika paDombo.

117 Mwari, ndipeiwo nyasha kuti nditsungirire panyaya imwe cheteyo. Uye kana mweya wehupenyu hwangu uchinge uchitorwa kubva mumutumbi uno, regai ndione Dombo rakamira ipapo.

118 Akakwira pamusoro peDombo, uye Ngirozi dzikauya ndokumutakura dzichienda naye. Makore mazana masere akatevera, akanga akamira muParastina, aina Eria, vakamira ipapo vachitaura naJesu, muchinjikwa usati wauya. Mwari vakagadzira nzira yekupukunyuka nayo.

119 Zviviri zvezvinhu zvikurusa muTestamende Yekare, zvandinooona muzviporofita, mapoka makuru maviri, zvaiva izvi. Vanhu vakatarisira kunguva yaizosvika Mesiya. Zvino, mushure mekunge Mesiya auya, vakatarisira kunguva, iyo Mweya Mutsvene waizouya.

<sup>120</sup> Pakupedzisira, munguva yakafanira, mifananidzo yose kumashure uko, yavakava nayo kuburikidza nevaporofta nezvose, mifananidzo yese neyananiso dzavaiva nadzo, Mesiya pakupedzisira akauya, zvikagadziriswa nekuti Mwari vakanga vataura kudaro.

<sup>121</sup> Zvino vakazotarisisira nguva, yekuti “Chechi huru inobwinya yaizova isina gwapa kana kuunyana,” iyo yaizopenya panyika senyeredzi. Vakatarisisira nguva iyoyo. Zvichafamba sei? Akanga afa kwemazuva matatu neusiku. Akamuka zvakare. Akazviratidza kune vanemazana mashanu, uye Akakwira kudenga. Akavasiya pano panyika, vari vega. Ko ingave iri Chechi inobwinya sei, iye Mutungamiriri wacho aenda? Mwari vakavimbisa Chechi. Yaigona sei kuva Chiedza chaizopenya panzvimbo yaKe, mushure mokunge iYe aenda?

<sup>122</sup> PaAkati ipapo, “Kwechinguva chiduku, uye nyika haizoNdionazve; asi imi muchaNdiona, nokuti Ndichange ndinemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo enyika. Zvinhu zvaNdinoita imi muchazviitawo. Endai munyika yose munoparidza Evhangeri. Zviratidzo izvi zvichatevera kune avo vanotenda.”

<sup>123</sup> Ko vangazviita sei, Kristu asisipo kwavari? Ko vangazviita sei, kana Mwari vavapa vimbiso? Asi, tarisai, Mwari vakapa pentekosti, apo Mweya Mutsvene, paUzima, wakaburuka uye ukatora mitumbi yevanhu inofa mushure mekunge vacheneswa neKuyanana kwaIshe Jesu Kristu. Zvino Mweya Mutsvene Akatora munhu iyeye pakutonga kwaKe, akamutuma nezviratidzo nezvishamiso neminana zvichitevera. Mwari vakapa nzira. Havana kukwanisa kuzviita mavari pachavo. Vaive vanhu vakaita sewe neni. Vaizozviita sei? Havaikwanisa. Asi Mwari vakapa nzira yekupukunyuka nayo.

<sup>124</sup> Pavaive vari...?. . .muimba yepamusoro, vakafunga kuti vanhu vaizovaseka. Vakafunga kuti vaizova *izvi*, *izvo*, kana *zvimumwewo*. Vakanga vakavhara mahwindo ese, uye nemagonhi akakiiwa. Ko vaizozviita sei? Vaive mbwende. Vakanga vasina musana. Vaive nebvupa rakapfava rehuku, kwete musana chaiwo weMweya Mutsvene. Vaive vakakiya magonhi. Vakanga vachitya. Vakanga vachinyara kubuda zvino votarisana neruzhinji. Ko vaizozviita sei?

<sup>125</sup> Asi Mwari vakatumira pentekosti, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Vakavhura mahwindo nemasuwo kuti bhene'ene, uye havo hutu ndokuenda mumigwagwa. Mwari vakazvivimbisa. Kana Mwari vavimbisa, Mwari vanochengeta Shoko raVo. Vanogadzira nzira yekupukunyuka nayo. Havambofa vakatendera kuti uedzwe zvinodarika chero chinhu chaVasingazokugadzirira nzira yekupukunyuka nayo. Vachazviita.

<sup>126</sup> Hepano patiri, takararama muzuva rezuva rine dima, kuine makore, kuchinaya. Chechi ine chimwe chikamu kunze chimwe chikamu mukati. Vanonetsekana kuti *izvi* vangazviita sei, uye vangaita sei? Vakanga vasina Chiedza. Asi muprofiti akati, “Kuchava neChiedza munguva yemanheru.” Zvingagodarwo sei? Isu tine... Chechi muzuva rino, Chechi iya inobwinya iri kuzova pano panyika, kana Jesu wouya kuzogamuchira Chechi ine kubwinya, tiri kugamuchira mvura inonaya yekupedzisira, ichidururwa. Migove miviri yeMweya Mutsvene iri kuuya panyika, iri kutsvaira marudzi ose, uye moto werumutsiro uri kupfuta pazvikomo zvole. MuChina, muJapan, kubva kuKorea, muAfrica ine rima, uye nekweke kwese, Mweya Mutsvene uri kudururwa pamusoro pevandu. Mwari vakagadzira nzira.

<sup>127</sup> Maziso angu asingaoni akapodzwa sei? Mwari vakagadzira nzira. Hareruya! Hongu, changamire.

<sup>128</sup> Vanogara vachigadzira nzira. Uye iwe uri pano, uri panyika nhasi, imi makamirira kunyaradzwa, imi muri vafambi nevaeni, ivai saDhavhidhi.

<sup>129</sup> Dhavhidhi akanga achienda kuhondo. Haana kuenda achinetseka. Haana kuenda aine pfungwa mbiri. Haana kuenda achifunga kuti pamwe zvingangoitika. Asi akamirira ari mugwenzi remuhabhurosi kusvikira, mushure mechinguva, pakava nerunyararo rukuru, pasina chaitika. Mushure mechinguva, kubva nechekure, akanzwa mashizha achitanga, ndokuwedzera ruzha achiwedzera ruzha nekuwedzera ruzha. Mushure mechinguva, kuvhuvhuta kukuru kwemhepo kwakauya pamberi pake. Akaziva kuti vaive Mwari nehondo tsvene yeNgirozi vaienda mberi kwake. Iye ndokuvhomora munondo wake akarwa hondo, akakonzera kuti muvengi atize.

<sup>130</sup> Hama, usasvetuka mudenga uye ugofunga chimwe chinhu iwe usati wagadzira kuenda nazvino. Mira! Uye woona kuti hakusi kungojoinha chechi, hakusi kukwazisana mawoko nemuparidzi, kana kubhabhatidzwa mumvura. Asi kugamuchira chibayiro chakapiwa naMwari, Jesu Kristu, seMunhu mumoyo mako. Mweya Mutsvene uchaenda mberi kwako, semhepo inovhuvhuta, ichibvisa zvinhu zvole kubva munzira. Amen. Ndizvozvo. Zvino, ivai Makristu. Imi muri munzira, ivai vanhu chaivo vanotywa Mwari.

<sup>131</sup> Pane rumutsiro rwuri kuuya pano, munguva pfupi iri kutevera, musangano mukuru wemutende. Ndiri kungozviona. Ndizvozvo! Unoda kuitei? Zvibate iwe pachako... .

<sup>132</sup> Kuno imwe nguva yapfuura, zasi kumaodzanyemba, kwaiva nevanhu vaisipfuura vachitenga nhapwa, nezvakadaro. Zvangoitika kuti ndangofunga kanyaya kadiki aka. Pavaipfuura neko, vachitenga nhapwa, vaicherechedza kuti vanhu vanonzwisa urombo ava vakanga varohwa. Vaivenga kusiya

nyika yavo, uye vaiziva kuti havazodzokeri zvekare. Vanhu vechitema, zvainzwise tsitsi mabatirwo avaitwa.

<sup>133</sup> Rimwe zuva zvakaitika kuti vakaona mumwe mukomana akamisa dundundu rake. Havaitombomurova. Kwete, changamire. Mumwe mutengi akauya nepo, akati, “Regai nditenge nhapwa iyo.”

Akati, “Haasi kutengeswa.”

<sup>134</sup> Akati, “Zvakanaka, chii chinomuita kuti asiyaney zvakananyanya? Ndiye mukuru pamusoro pavo vose here?”

Ndokuti, “Kwete.”

<sup>135</sup> Akati, “Chii chinomupa musiyano? Munomurega achidya zviri nani here?”

Akati, “Kwete. Anodya pamwe chete nevamwe vose.”

Akati, “Chii chinomuita kuti ave nemusiyano zvikuru?”

<sup>136</sup> Akati, “Ndakatozozivawo kuti baba vake ndivo mambo wedzinza ravo. Kunyange zvake ari kunyika iri kure, achiri kukandira mapendekete ake kumashure. Iye murume akaberekerwa muhumambo. Baba vake ndimambo. Kunyange ari mutorwa, baba vake ndimambo.”

Baba vangu vakapfuma nedzimba neminda,  
Vakabata hupfumi hwenyika muruoko rwaVo!  
Hwemarubhi nemadhaimani, nesirivheri  
nendarama,  
Midziyo yavo izere, Vane pfuma isingagoni  
kuverengwa.

<sup>137</sup> Isu, vanhu vari pano vepatabhenakeri ino, tine humbowo husingakundikane hwaShe Jesu vakamuka kuvakafa, nerumutsiriro rwakatsvaira nyika; kubva panzvimbo diki yakazvininipisa seino, zvakangofanana nechidyiro chezvipfuwo chemuBheterehema, uye zvichida yakatoninipa kudarika ipapo. Asi kuburikidza nepano, Mwari vakatumira rumutsiriro rukuru, rwakaunza makumi ezviuru, hongu, kupinda mumamiriyoni chairo, muHumambo hwaMwari.

<sup>138</sup> Ungada kuva mugari pamwe chete nesu here? Wagadzirira here manheru ano, mutadzi, kukandira pasi kusava nehanyan’a kwako, kukandira pasi hupenyu hwako hwezvivi? Uye wotwasanudza mapendekete ako kuti ubatane neboka iri remauto, evanhu vari kufambira mberi, vachitenda kuti Yananiso yaIshe Jesu Kristu inotichenesa kubva kuchivi chose.

Ngatinamatei, tichikotamisa misoro yedu.

<sup>139</sup> Baba vedu veKudenga vane mutsa, manheru ano, apo takamirira paMuri, tichitarisira kuti Mweya Mutsvene waMwari mukuru ufambe nemuungano ino uye ugoita zvakanawandisa nekupfuurira. Sezvo tatogadzirira zvino, manheru ano ekutora chirairo, O Mwari Baba, tinonamata kuti Mutaure kumoyo

yevatadzi, manheru ano. Ngavauye, Ishe, kwete pamanyawi oga, kwete pane imwe nyaya inosuwisa, asi pane Shoko raMwari risina kusvibiswa. “Kuti Mwari vakada nyika nokudaro, Vakapa Mwanakomana waVo akaberekwa ari oga, kuti ani naani anotenda maAri arege kufa asi ave neHupenyu Husingaperi.”

<sup>140</sup> Mwari, itai, manheru ano, kuti Mashoko aIshe Jesu, ari muna Mutsvene Johane 5:24, agorira mumoyo wese. “Uyo anonzwa maShoko aNgu nekutenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi, uye haangauyi mukutongwa, asi apfuura achibva murufu achienda kuHupenyu.” Dai vazhinji vapfuura, nguva ino, vachibva murufu vachienda kuHupenyu, apo takamirira Mweya Mutsvene, nemuZita raJesu Kristu.

<sup>141</sup> Uye nemisoro yenyu yakakotamiswa. Handizive, apo hanzvadzi ichiridza, kana...Munhu wese, Mukristu, ari mumunamato. Pangave here nemurume, mudzimai, mukomana, kana musikana, angasimudza ruoko rwake kuna Mwari? Kwete kwandiri. Uye uchiti, “Chokwadi izvi...Ndinosimudza ruoko rwangu, kuti nditi kwaMuri, Mwari, ndinotenda kuti kutonga kwagadzirira kurova panyika. Uye ndiri pasi pokupomerwa kwekutongwa uku. Ndinofanira kuparadzaniswa ndichibva kuna Mwari, kubva muhupo hweChechi, kubva muhupo hwevanhu Makristu. Ndinofanira kutambudzwa nokusingaperi, mugehena raZiyendanakuenda. Asi, manheru ano, ndinonzwa Mweya weNyu uchitaura kwandiri, kuti ndinofanira kunge ndakasarudzwa naMwari. Nekuti, Jesu akati, ‘Hapana munhu angauya kwaNdiri, kunze kwokunge Baba vamukweva.’ Uye ndinonzwa kudhonzwa kwakati siyanei mumoyo mangu, zvekuti ndava kuda zvino kugamuchira Kristu seMuponesi wangu pachangu. Uye, Mwari, ndinosimudza ruoko rwangu kwaMuri, ndichiti, kune izvi, ndava zvino kugamuchira Mwanakomana weNyu, Jesu Kristu, Chibayiro chamakapa, chekuitira kuipa kwangu uye nezvivi zvine mbiri yakashata. Ndava zvino kusimudza mawoko angu kwaMuri.” Ungazviitawo here?

<sup>142</sup> Murume kana mudzimai, mukomana kana musikana, ari muno, panguva ino, ungasimudza mawoko ako woti, “Neizvi, ndava zvino kugamuchira Ishe Jesu Kristu seMuponesi wangu.” Takakumirira kwechinguvana kuti uite sarudzo yako. Ingosimudza ruoko rwako. Mwari vakuropafadze, mukomana mudiki. Mumwe munhu simudza ruoko rwako, uti...Mwari vakuropafadzei, hama yangu. Zvakanaka. Uri kuzviita kuna Mwari, kwete kwandiri.

<sup>143</sup> “Vose vakatenda vakabhabhatidzwa, uye vakawedzerwa kuchechi.” Vanhu zviuru zvitatu vakaponeswa.

Pane Chitubu chizere neRopa,

<sup>144</sup> Zvirokwazvo. Ungazvikandiramo here iko zvino, nekutenda, uchiti, “Ishe Mwari, ndave zvino kuzvisunungura. Oo, ndakaenda kuartari, kakawanda. Ndakaita *izvi*, *izvo*, kana

kuti ndakajoinha chechi. Ndakaedza kunzvenga hashu. Asi, manheru ano, ndiri kuuya nenzira iyi, papfungwa yekuti Jesu Kristu akafa panzvimbo yangu, Akanga ari Gwayana rechibairo. Akanga ari mbudzi yekurasirira. Akanga ari zvoise. Uye, maAri, ndakakwana. Akatakura zvivi zvangu. Akatora nzvimbo yangu paKarivhari. Akatora nzvimbo yangu pasi pehashu dzaMwari. Akatora nzvimbo yangu pasi pemurango waMwari. Akatora nzvimbo yangu mugehena. Uye kuti ini nditore nzvimbo yaKe Kudenga, kuti ndive mwanakomana waMwari, ndinogamuchira hwaro ihwohwo iko zvino. Semutadzi, ndinotenda.” [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

Apo vatadzi vakawira pasi pemafashamo,  
 Vanosiya ose madzvanga avo emhosva.  
 Vanosiya ose . . .

<sup>145</sup> Ivai mumunamato, chechi, apo mumwe munhu ari kutora sarudzo yaShe. Namatai. Kurasikirwa nezvakadii? Ose madzvanga avo emhosva. MuJudha, Murudzi, musungwa kana akasununguka, mutadzi kana nhengo yechechi, muprisita, chiremba, gweta, chero zvaungava, kurasikirwa nemadzvanga ako ose emhosva, nekutenda muna Ishe Jesu, Mugamuchire seMuponesi wako. Teererai pandima iyi, patiri kuimba chinyararire zvino.

Mbavha yakanga ichifa yakafara kuona  
 Chitubu ichocho . . .

<sup>146</sup> Kumagumo kwenzira, tariro dzese dzapera, pakaonekwa Chitubu. Uri kumagumo here, manheru ano, ekuda kwako?

Vatadzi vakawira pasi . . .  
 Vanosiya ese madzvanga avo emhosva.  
 Vanosiya ese madzvanga avo emhosva,  
 Vanosiya . . .

<sup>147</sup> Zvino, Baba Vekudenga, zvoise zviri mumaoko eNyu. Murume wechikuru nemukomana wechidiki vasimudza maoko avo, kuti vanoda kuKugamuchirai, apo Chitubu chazarurwa kuburikidza neShoko. Tinoyemura ruwadzano rweNyu nesu, Ishe, Mweya Mutsvene.

<sup>148</sup> Pamwe vese Makristu, vese vakachengeteka. Ndimi munoziva moyo yavo, Ishe. Vangadai vayambuka kunyange muganhu uri pakati petsitsi nekutongwa, vasingazoshuvi zvakare kusimudza ruoko rwavo, kana kusazoshuva zvakare kuve nekunzwa kupi zvako kwekuti Munovadaidza. Ndinonamata, Baba, kana zviri izvo, ivaiwo netsitsi.

<sup>149</sup> Mwari, ndinonamata kuti Muponese murume uyu, Ishe. Ndinonamata kuti iko zvino, pasi pemoyo wake, mabhera emufaro eKudenga ari kurira. Uye nekakomana ako, zvimwe chetezvo. Tichiziva izvi, kuti Jesu wakataura shoko iri, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu, achitenda kune uYo wakaNdituma, ane Hupenyu husingaperi, uye haazosviki pakupomerwa, asi



abva murufu achienda kuHupenyu.” Ndiro Shoko reNyu, Baba, uye tinoRitenda. Vapei mufaro usingaperi zvino, wekuti vagamuchira Hupenyu husingaperi. Tinonamata, kuti Muchaita kuti hupenyu hwavo huzare nemufaro, nezvibereko uye nekufara. Zviitei, Ishe.

<sup>150</sup> Ropafadzai vamwe, apo takamirira paMuri, nemuZita raJesu tinonamata. Ameni.



*KUGADZIRA NZIRA* SHO56-0304  
(Making A Way)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Kurume 4, 1956, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)